Wikipédia

Musiyum Wayang



Musiyum Wayang

Musiyum Wayang iku sawijining musiyum kang mamèrake manéka warna wayang lan bonéka. Barang-barang iku ana sing saka Indonésia lan manca nagara. Musiyum Wayang dumunung ing Kawasan Kota Tua Batavia.[1] Saliyané Musiyum Wayang,ing kono uga ana musiyum Fatahillah, Musiyum Bank Indonésia, Musiyum Bank Mandiri lan Musiyum Keramik.[1] Musiyum kang manggon ing Jalan Pintu Besar Utara Nomor 27, Jakarta Kulon iku maune *De Oude Hollandsche Kerk* ("Gréja Suwe Walanda").Musiyum Wayang resmi digunaake 13 Agustus 1975.

Nganti saiki, musiyum iki nyimpen punjul 4.000 wayang, saka wayang kulit, wayang golèk, wayang kardus, wayang suket, wayang janur, topeng, bonéka, lan gamelan.

Ing kutha Ngayogyakarta uga ana musiyum wayang kang aran "Musiyum Wayang Kekayon", mapan ing dalan Yogya-Wanasari km. 7.

Cathetan suku

1. Museum Wayang (http://www.jalanjajanhemat.com/2009/04/muséum-wayang/) (dipunundhuh tanggal 24 Fèbruari 2011)